

PWOJÈ ESTABILITE NAN MYSTIC

- EAST EAGLE - CHELSEA (MYSTIC - EAST EAGLE - CHELSEA RELIABILITY PROJECT)

Demann pou elektrisite ap ogmante nan zòn lès Massachusetts. Zòn lan bezwen soustasyon anplis ak kapasite transmisyon pou sipòte livrezon kouran elektrik ki fyab pou reponn a demann aktyèl rejyon an.

Nan Eversource, nou toujou ap travay pou nou ba ou pi bon sèvis. N ap enstale yon nouvo soustasyon nan katye East Eagle nan East Boston, Massachusetts; avèk tou de nouvo liy transmisyon souteren pou konekte nouvo soustasyon an ak soustasyon ki deja la yo nan Everett ak nan Chelsea.

N ap fè ti amelyorasyon tou nan zòn klotire a ki nan Soustasyon Mystic aktyèl la sou Broadway nan Everett, epi nan Soustasyon Chelsea aktyèl la sou Willoughby nan Chelsea.

N ap konstwi liy transmisyon ant East Eagle ak Mystic la anba ri yo nan Chelsea ak Everett epi l ap konekte ak yon kanalizasyon souteren ki la deja pou konekte Chelsea ak East Boston. (Yon kanalizasyon souteren se yon gwoup kondui yo fouye anba tè ki fèt pou alimante liy elektrik yo.) Liy transmisyon ant East Eagle ak Chelsea a ap sitiye anndan yon kanalizasyon souteren ak sistèm egou aktyèl nan East Boston ak Chelsea.

Enfòmasyon Patikilye sou Pwojè a:

- **Soustasyon East Eagle:** Nouvo soustasyon sou East Eagle Street nan East Boston, Mass.
- **Longè wout la:** Apeprè 5 mil
- **Vil yo:** Boston, Chelsea ak Everett, Mass.
- **Vòltaj liy lan:** 115,000 vòlt (115-kV)

- **Antite ki konplete revizyon anplasman an:** Energy Facilities Siting Board (EFSB) [Komite Anplasman Enstalasyon Enèji] ak Department of Public Utilities (DPU) [Depatman Itilite Biblik] nan Massachusetts
- **Apwobasyon Energy Facilities Siting Board (EFSB):** 1ye desanm 2017
- **Soumèt avi sou Petisyon pou Chanjman Pwojè a nan EFSB:** 15 novanm 2018
- **Dat konstriksyon ap kòmanse sou liy transmisyon yo:** Dezyèm Trimès 2018

Kalandriye Estimatif:

- **Dat previzyonèl I ap kòmanse sèvi:** Katriyèm Trimès 2019 pou liy transmisyon

MIZAJOU POU KONSTRIKSYON

Premyèman, n ap rasire w ke Eversource pran tout prekosyon an tèm sekirite pandan n ap travay nan kominote lokal yo, epi ke tout moun k ap travay sou pwojè konstriksyon an genyen idantifikasyon sou yo. Travay pwojè a p ap afekte sèvis elektrik ni nan kay ni nan biznis yo.

Eversource angaje l pou li pataje avèk vwazen nou yo, biznis yo, e ak tout manm kominote a, mizajou sou aktivite pwojè yo, sitou pandan peryòd konstriksyon an. Tanpri sonje byen ke orè konstriksyon an ka chanje akoz kondisyon meteyo a oubyen akoz lòt sikontans ki pa t prevwa.

Sansibilizasyon Kominotè

Anvan nou kòmanse konstriksyon nan yon kominote, nou òganize jounen pòt louvri pou bay rezidan ak pwopriyetè biznis lokal yo yon opòtinite pou yo jwenn plis enfòmasyon sou pwojè a epi pou yo poze ekspè nan domèn nan yo kesyon.

Sesyon enfòmasyon Soustasyon East Boston lan ap fèt nan madi 5 fevriye 2019, apatide 5:00 p.m. jiska 6:30 p.m. Apre sesyon enfòmasyon an, Energy Facilities Siting Board (Komite Anplasman Enstalasyon Enèji) a ap òganize yon odyans piblik pou kòmantè, ki pwograme pou li kòmanse a 7:00 p.m.

Te genyen jounen pòt louvri nan Chelsea nan dat 8 fevriye ak 14 jen 2018; epi nan Everett nan dat 27 fevriye 2018. Pandan n ap kòmanse konstriksyon nan kominote lokal yo, nou pral voye pa lapòs lèt sou konstriksyon bay pwopriyetè kay ki sou trajektwa a epi n ap òganize sansibilizasyon pòt an pòt pou pwopriyetè kay, rezidan ak biznis lokal nan zòn lan yo.

PLANIFIKASYON POU JESYON TRAFIK

Eversource ap travay an tèt ansanm avèk otorite minisipal ak etatik yo, tèlke tou Depatman Transpò nan Massachusetts, e nou devlope yon seri Planifikasyon pou Jesyon Trafik (TMP) pou chak seksyon Pwojè Estabilite nan Mystic - East Eagle - Chelsea a.

TMP yo gen ladan yo kondisyon ki patikilye pou trajè dapre desizyon final EFSB a. TMP yo prezante plan anplasman detaye, ki montre lokalizasyon liy souteren yo, orè konstriksyon yo, kontwòl trafik espesifik dapre zòn yo, ak plis ankò.

Tanpri note, TMP yo ka chanje epi yo ka aktyalize yo nenpòt lè.

ENFÒMASYON KONTAK

Pou plis enfòmasyon sou pwojè a, voye yon imèl nan TransmissionInfo@eversource.com oubyen rele 800-793-2202.